# Ózbekstanda mámleket birinshi márte xalıqtan quyash panelleri arqalı islep shıǵarılǵan elektr energiyasın satıp alıwdı basladı

Image not found or type unknown

Energetika ministrliginiń baspasóz xızmeti xabarına bola, Tashkent qalasınıń Yakkasaroy rayonında jasawshı Rasulov Rahimjon óziniń shańaraǵında 6 kVt quwatlılıqqa iye bolǵan kishi quyash foto elektr stanciyasın ornatqan. Ol óziniń mútájliginen artqan elektr energiyasın aymaqlıq elektr tarmaqları kárxanasına satıwdı baslaǵan.

Stanciya jılına 7 000 nan 10 000 kVt. saatqa shekem elektr energiyasın islep shıǵaradı. 3-noyabr kúni shańaraq iyesi hám Tashkent qalalıq elektr tarmaqları kárxanası ortasında “Qayta tikleniwshi energiya dárekleriniń kishi obektlerinen islep shıǵarılǵan elektr energiyasın satıp alıw haqqında”ǵı shártnamaǵa qol qoyıldı.

Endi bul shańaraqta islep shıǵarılǵan elektr energiyası aymaqlıq elektr támiynatı kárxanası tárepinen kepillengen tárizde satıp alınadı.